Pou Piblikasyon Imedya: 01/10/2019 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PWOLONJMAN 16.2 MILYON DOLA NAN CHIMEN POU PYETON AK SIKLIS KORIDÒ VÈT KOTYE OCEAN PARKWAY LA

Wout kotye popilè sa a nan Long Island pral vin gen sèz kilomèt anplis

Chimen an pral mennen siklis yo ak pyeton yo nan plaj, nan pak

Desen achitekti yo disponib isit la

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kòmansman konstriksyon yon pwojè 16.2 milyon dola pou bati dènye seksyon an nan Chimen pou Pyeton ak Siklis Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la (Ocean Parkway Coastal Greenway Shared Use Path) nan minisipalite Oyster Bay, Konte Nassau, ak minisipalite Babylon ak Islip yo nan Konte Suffolk. Nouvo chimen an pral pote plis sekirite pou siklis yo, pyeton yo, kourè yo ak patinè yo; favorize transpò ekolojik; epi atire moun nan bote natirèl plaj yo ak pak Eta yo nan Long Island.

"Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la pral ofri siklis yo, kourè yo ak pyeton nouvo okazyon ale deyò epi an menm tan ofri yon nouvo wout pou moun yo ale nan bann aktivite rekreyatif anplennè zòn nan gen pou ofri yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwolonjman sa a pral bay plis rezidan ak vizitè yon jan san danje, bon pou lasante ak ekolojik pou yo deplase nan Long Island."

"Pwojè sa a pral pwolonje chimen popilè pou pyeton ak siklis ki sou wout kotye Long Island lan pou bay plis aksè epi pouse touris", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Pwolonjman 16 kilomèt la pral konplete dènye seksyon an nan chimen nan konte Nassau ak Suffolk, sa ki pral amelyore sekirite piblik epi ankouraje monte bekàn, kouri, mache, ak lòt aktivite rekreyatif nan zòn nan. Efò sa a antre nan kad angajman nou nan favorize transpò aktif, ekolojik, atire plis vizitè, epi ranfòse ekonomi an."

Etap final sa a nan Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la pral pwolonje chimen ki la deja a sou bò nò wout panoramik la soti kote li fini kounye a nan Tobay Beach pou ajoute yon lòt sèz kilomèt rive nan Pak Eta Captree.

Yo pral plante plizyè santèn nouvo plant ki pouse natirèlman sou rivaj Long Island lan - tankou wozo sab, pyebwa ak fèy pèsistan, mirik, ak prinye grèv - nan kad pwojè a. Yo pral mete zòn repo kouvri apeprè chak senk kilomèt sou chimen an. Yo pral enstale panno enfòmasyon k ap bay detay sou listwa bò lanmè Long Island lan epi k ap mete aksan sou nouvo vejetasyon an ak vi sovaj la nan zòn nan. Panno yo pral montre itilizatè yo kote pou y ale epi montre distans yo pa rapò ak enstalasyon piblik ki toupre a.

Chimen an, ki respekte Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (Americans with Disabilities Act), pral pwolonje sifas lis asfalte ki te sèvi nan seksyon ki te la anvan yo, epi l ap gen siyalizasyon orizontal ak panno estanda. Pon yo ki pase anlè pasaj pou pyeton yo ap fabrike alavans yon lòt kote, sa k ap pèmèt konstriksyon pi rapid, pi efikas pi bon mache pase si yo te bati yo sou plas. Balistrad an kab pral separe Ocean Parkway la ak Koridò Vèt la, epi konsa ofri yon baryè sekirite ant otomobilis yo ak moun ki sou chimen an.

Mezi pou kalme sikilasyon an, tankou koub nan chimen an, pral ralanti siklis yo nan ale pou machin yo, epi panno yo pral alète otomobilis yo ak moun ki sou chimen an lè yo pral travèse sikilasyon. Yo pral enstale nouvo pakin pou bekàn nan Gilgo Beach, nan Cedar Beach Marina, ak nan Pak Eta Captree a.

Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT) te òganize yon asanble piblik konjwen avèk Biwo Pak, Rekreyasyon, ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation) sou pwojè sa a nan mwa Oktòb 2017, kote li te resevwa yo kokennchenn soutyen nan men klèb siklis ak gwoup sivik lokal yo. DOT ak Pak yo te kontinye travay avèk kominote kòdon litoral lokal yo pou garanti prezèvasyon bote natirèl zòn nan. Yo pral bati tout chimen an nèt andedan zòn sikilasyon vwa panoramik ki la deja a epi l ap separe de kominote rezidansyèl yo, san aksè dirèk.

Pandan konsepsyon an, yo te fè atansyon pwoteje abita plivye siflè a ki se yon espès an danje, minimize efè yo sou vejetasyon ki la deja a epi pwoteje kont ewozyon poutèt nivo dlo k ap monte yo. Yo pral enstale nich atifisyèl sou chimen an kòm yon kote san danje pou vi sovaj k ap grandi an.

Pou akomode vizitè plaj yo pandan ete a, gwo konstriksyon an te kòmanse apre wikenn Jou Travay la (Labor Day). Finisman pwojè a prevwa pou ete 2021.

Pwolonjman Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la pral ajoute sou rezo k ap vin deplizanpli gran an ki genyen 32 kilomèt chimen pou pyeton ak siklis yo bati pandan dis lane ki sot pase yo nan Long Island.

Pandan prentan an, Gouvènè Adjwen Hochul te inogire yon lòt chimen pou pyeton ak siklis nan Jones Beach, yon pwolonjman 7.2 kilomèt sou Pwent Lwès (West End) zil baryè a ki mennen sou Koridò Vèt ki la deja a pase pa Jones Beach Boardwalk anblematik la. Disi fen 2019, ap gen yon nouvo chimen ki fini bò Nassau Expressway (State Route 878) nan minisipalite Hempstead, Konte Nassau nan kad yon pwojè 130 milyon dola pou amelyorasyon rezistans ak sekirite.

Komisè Depatman Transpò a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pwolonjman Korodò Vèt Kotye Ocean Parkway la pral ankouraje plis siklis, pyeton ak kourè pou y ale deyò, epi jwi plaj ak pak yo nan Long Island. Li pral ofri yon lyen enpòtan, ki relye de nan pi gran Pak Eta nan eta a, nan rezo deplizanpli gran chimen pou pyeton ak siklis yo ki ofri yon chwa ekolojik pa rapò ak kondui".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Rezo chimen pou pyeton ak siklis k ap agrandi san rete a jwenn anpil siksè pami moun k ap vizite plaj ak Pak Eta nou yo nan Long Island. Mwen remèsye Depatman Transpò a pou dènye pwolonjman sa a nan

Chimen pou Pyeton ak Siklis Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la, ki pral mennen moun nan plis Pak Eta toujou".

Senatè John Brooks te deklare, "N ap 'pedale' ide sa a depi yon kantite lane kounye a epi mwen fyè di moman an finalman rive. Se yon ajoutman nou byen akeyi anpil nan chimen nou genyen kounye a yo ki se potomitan pou fanatik aktivite anplennè lokal yo. Gen anpil rezidan ki montre enterè pwofon nan pwolonjman sa a epi kòmansman konstriksyon pwojè sa a souliyen angajman nou nan devlòpman aktivite anplennè nan Jones Beach ak nan sèvis enterè deplizanpli gran nan kominote siklis la isit la nan Long Island".

Senatè Phil Boyle te di, "Mwen fyè mete tèt ansanm avèk Gouvènè Cuomo, Sipèvizè Schaffer, ak gran pwofesyonèl yo nan Depatman Transpò Eta New York la pandan travay la ap kòmanse nan 'chimen pou pyeton ak siklis' sa a n ap tann depi lontan. Mwen pa ka tann pwochen inogirasyon an ki pral pèmèt yon bann Nouyòkè jwi chimen sa a ak bote natirèl kòdon litoral nou yo".

Manm Asanble Michael LiPetri te deklare, "Mwen kontan wè faz final la nan Chimen pou Pyeton ak Siklis Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la vin reyalize. Lè li fini, chimen 23.2 kilomèt sa a pral ofri moun Long Island yo yon nouvo opòtinite pou jwi ak eksplore resous kotye san parèy nou yo. Mwen ta renmen remèsye tou Depatman Transpò a dèske li travay avèk mèt kay yo ak dirijan kominote a sou kòdon litoral la pou okipe sa k ap trakase yo nan zafè aksè, sekirite, ak vi prive pandan tout pwojè sa a. Ansanm, nou kapab garanti tout moun jwi Chimen pou Pyeton ak Siklis la pandan anpil lane"!

Manm Asanble Andrew Garbarino te deklare, "Se yon bèl bagay pou wè pwojè sa a pwoche finisman li. Koridò Vèt Kotye fini an pral ofri moun zòn nan kou touris yo plis okazyon toujou pou yo jwi liy kotye Long Island lan. Mwen fè elòj Gouvènè a ak Depatman Transpò a dèske y ofri yon jan san danje pou plis moun wè bote natirèl Ocean Parkway la".

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Laura Curran te deklare, "Nan Konte Nassau nou byen akeyi okazyon pèmèt rezidan yo monte bekàn, kouri, mache oswa monte paten a woulèt san danje - sitou nan pak yo ak sou plaj yo. Mèsi Gouvènè Cuomo pou travay li pou fini pwolonjman Chimen pou Pyeton ak Siklis Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la, ki pral bay rezidan yo yon lòt opsyon pou jwi deyò a san danje".

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone te deklare, "Pwolonjman sa a pral fè pwomosyon peyizaj Rivay Sid la, redui anbouteyaj, epi ankouraje yon estil vi pi an sante ak aktif pou moun Long Island yo. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan amelyore atou rekreyatif nou yo, epi konsa fè yo pi sekiritè ak pi aksesib pou tout moun jwi yo".

Sipèvizè Minisipal Vil Oyster Bay a, Joseph Saladino te di, "Chimen sou Ocean Parkway la ofri rezidan nou yo yon trè bèl eksperyans rekreyatif, epitou yon fason san danje, san parèy pou vwayaje nan youn nan zòn Eta nou an ki gen plis koulè lokal yo. Finisman chimen sa a pral pi byen ede amelyore eksperyans la tou pou tout moun ki sèvi avèk bèl komodite sa a nan Long Island, epitou sa k ap chèche vizite plaj plen koulè lokal nou you sou rivay sid la".

Sipèvizè Vil Babylon Richard Schaffer te deklare, "Konsèy Minisipal la avèk mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo dèske Eta New York pa janm sispann envesti nan Rivay Sid Long Island lan. Chimen pou Pyeton ak Siklis Korido Vèt Kotye Ocean Parkway la pral bay rezidan yo nan Minisipalite Babylon yon jan san danje ak nan bèl peyizaj pou deplase ant bèl enstalasyon nou yo sou kòdon litoral la nan plaj Overlook, Cedar ak Gilgo yo".

Sipèvizè Vil Islip, Angie Carpenter, te deklare, "Kòm Sipèvizè Minisipalite Islip la, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò li yo nan pwolonje Chimen pou Pyeton ak Siklis Koridò Vèt Kotye Ocean Parkway la. Bò lanmè nou an se youn nan resous nou yo ki pi presye epi nou pa ka tann avantaj pwojè sa a pral pote pou rezidan nou yo ak plezi yo pral pran nan vwa navigab nou yo".

Nou ankouraje otomobilis yo pou yo ralanti epi mete yo a kote ak pridans lè y ap pwoche veyikil sou bò otowout yo ki gen limyè wouj, blan, ble, jòn abriko oswa vèt yo, ki gen ladan veyikil mentnans ak konstriksyon yo nan zòn travay yo. Pou kapab aprann pi plis sou Lwa Mete ou Akote a (Move Over law) ak sa ke nou ap fè pou kenbe travayè ak otomobilis yo an sekirite nan zòn konstriksyon sou otowout yo, vizite www.ny.gov/workzonesafety.

Nou ap raple otomobilis yo ke kontravansyon yo double pou eksè vitès nan zòn travay yo. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo (Work Zone Safety Act of 2005), kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon limit vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo sispann lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj yo, rele 511, ale sou www.511NY.org, oswa telechaje aplikasyon 511NY gratis la.

Swiv DOT Eta New York la sou Twitter: @NYSDOT ak @NYSDOTLI. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU